*Ассаламу гӀалайкум!*

gazetavpered@list.ru

# ЦЕРЕХУН

ХЬАРГАБИ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА «ВПЕРЕД»

№50 (6775) * 2024 с. * 16 ДЕКАБРЬ * 14 ЖУМАДУЛ АХИР * 1446 с. * итни *

## Районцоял къабул гьаруна



**10 декабря нилъер районалдаса республикаялъул Халкъияб Собраниялъул депутат Ж. Нажмудиновас тӀаде къабул гьаруна жидедаго цере регӀерго чӀарал суалалгун рачӀарал районцоял. ХӀалтӀулаб сапаргун районалде вачӀарав депутатас къабул гьаруна анцӀгоялдаса цӀикӀкӀун чи. ГӀадамазе бигьаго букӀинелъун гьел къабул гьаруна кӀиго гӀуцӀиялда.**

Районцояз рорхана росабазул библиотекабазул, лъайкьеялъул гӀуцӀабазул ва дагьаб цебегӀан жиндирго телеграм – каналалдасан живго Нажмудиновас школазде рачине заман щвечӀел лъималазда гьоркьоб лъазабун букӀараб магӀарул мацӀалда кучӀдул цӀалиялъул конкурсалъул хӀакъалъулъ суалал.



Нажмудиновас кӀудияб къимат кьуна районцояз районалъул гӀуцӀабазул хӀалтӀухъ гьабулеб ракӀ унтиялъухъ, гьединго гьес рагӀи кьуна цӀияб соналъул байрамалде щвезегӀан конкурсалъул хӀалтӀабазе къимат кьезе ва бергьарал рази гьаризе рукӀиналъул.




## Итоги года

### Как можно задать вопрос на прямую линию с Путиным?

Президент 19 декабря в прямом эфире подведет итоги 2024 года и ответит на вопросы журналистов и жителей страны.

Любой желающий может задать вопрос пятью разными способами.

Каждый может задать вопрос через сайт программы moskva-putinu.ru (москва-путину.рф), СМС- или ММС-сообщения на номер 0-40-40 и по телефону 8-800-200-40-40.

## *Баркула!*

**Щибаб соналъул 22 декабралда кӀодо гьабула энергетиказул къо. Гьеб кӀодо гьаби хасго нилъер районалда кӀвар бугеблъун ккола.**

Ункъогоялдасаги соназ мугӀрузул районазул росаби къалъизарун руго Хьаргаби лъел электростанциялъ кьолеб токалъ. Дагъистаналда тӀоцебесеблъун ккколеб Хьаргаби лъел электростанциялъ кьучӀдасанго хисизабуна магӀарулазул экономика ва культура.

Ракь хӀалтӀизабун ва гӀи- боцӀи хьихьун яшав гьабун гурони цогидаб махщел жудер букӀинчӀел нус – нус магӀарулазе щвана батӀи – батӀиял энергетиказул, бакӀал раялъул ва цогидалги махщелал.

РакӀ – ракӀалъго баркула киналго районалъул эенергетиказда профессионалияб байрам. Гьарула нужее щулияб сахлъи хӀалтӀулъ лъикӀал хӀасилал, рокъоб рохел, аваданлъи, гьарзалъи.

Биччанте гӀадамазул рукъзабахъ кидаго камичӀого букӀине хинлъи ва канлъи.

**М. ТӀАГЬИРОВ**
**районалъул бетӀер**




***ПОДПИСКА — 2025***

### БОКЬИЛИЩ НУЖЕЕ

- Районалда ругел цӀиял харбал рагӀизе?
- ГӀагараб ракьалъул тарихги, умумузул къисматги лъазе?
- Исламияб диналъул дарсал цӀализе?
- Лъималаз гӀелмуги гӀолилаз насихӀатги босизе?
- Махсаро - хочӀалъ ракӀал реэдизе?
- ЛъикӀал малъа-хъваяз махщел камил гьабизе?
- Нилъерго мацӀги, цӀарги, маданиятги, адабиятги цӀунизе?

**Батани, хъвай гьеб киналъулго матӀу — жибго бечедаб, багьа учузаб нилъерго «Церехун» газета.**

### ГАЗЕТАЛЪУЛ БАГЬА:

**ЛъагӀалие:**
*Почалдасан – 671, 14 гъур.*
*Редакциялдасан – 250 гъур.*

**Бащдаб лъагӀалие:**
*Почалдасан - 335,58 гъур.*
*Редакциялдасан – 125 гъур.*



# БахIарзазе кидагосеб рецц!

**2007 соналъул 9 декабралдаса Россиялда кIодо гьабизе байбихьана «ВатIаналъул БахIарзазул къо». Амма байрамалъул тарихалъе байбихьи лъуна гIемерго цебе.**

ВатIаналъул БахIарзазул байрам буго нилъер цересел умумулбахIарзал, гьездаго цадахъ Советияб Союзалъул, Россиялъул БахIарзал, Святой Георгий ва Славы орденазе мустахIикълъарал хIурматгун ракIалде щвезариялъул къо.

9 декабралда Москваялда Кремлялда гIадатго къабул гьарула хIукуматалъул тIадегIанал шапакъатазе мустахIикълъарал рагъулал хъулухъчагIи.

Байрамкъоялде рухьинарун Россиялда тIоритIула батIи-батIиял акциял, тематикиял выставкаби, концертал. Нилъер гIун бачIунеб гIелалда бицуна бахIарзазул хIакъалъулъ, рихьизарула ВатIаналде рокьи, хIурмат бижизабулел патриотическиял фильмал.

Лъай кьеялъул гIуцIиязда тIоритIула бихьинчилъиялъул дарсал, ветераназулгун ва Россиялъул БахIарзалгун дандчIваял, памятниказда цере тIугьдул лъей ва гь.ц. Гьединал тадбиразда гIахьаллъи гьабула бакIалъул нухмалъулезги, культураялъул хIалтIухъабазги.

Нилъер районалдаги, байрам кIодо гьабун киса-кирего гIемерал тадбирал тIоритIана. РехсечIого гIоларо, КIикIуниб гьоркьохъеб школалда тIобитIараб рохалилаб митинг. ХIурматиял гьалбал хIисабалда гьенире къабул гьаруна районалъул бетIер М. ТIагьиров, гьесул заместитель М.МухIамадов, Кавказалъул ва Дагъистаналъул Халкъияв БахIарчи

М. ГьитIинов, районалъул лъай кьеялъул управлениялъул нухмалъулев М. ХIамзатов ва гь. ц.

Хасаб рагъулаб операциялда гIахьаллъи гьабулел ругел, жидерго жанги рухIги кьун цере лъурал рагъулал масъалаби тIуралел васаздехун ва Россиялъул БахIарзаздехун хIурматалъул ва баркалаялъул гIемерал рагIаби абуна гьенир.

КIалъазе вахъарав районалъул бетIер М. ТIагьировас абуна: «БахIарзал рукIана рагъулаб заманалъ гурелги ракълилаб заманаялъги. Жакъасеб заман нилъер букIинароан жидерго гIумру ВатIаналъе кьолел бахIарзал рукIинчIелани. Гьел руго нилъер чIухIи, нилъ гьезие налъулал руго!» - ян. Абизе ккола, Кавказалъул ва Дагъистаналъул Халкъияв БахIарчи М. ГьитIинов школалде гуревги ясли ахалъул лъималазулгун дандчIваяздеги къабул гьавун тадбиралги анилан.

Хьаргаби «Солнышко» лъималазул ахалда ана хасаб рагъулаб операциялъул гIахьалчагIи вацал АхIмад ва Шамиль Загьидовазул эменгун дандчIвай. Гьес бицана васазул рагъулаб нухалъул ва нилъер васаз бихьизабулеб бугеб лебаллъиялъул кир ругониги. ХIадурлъиялъул группаялъул тарбиячIужу П. ГIабдулкаримовалъ лъималазда бичIчIиледухъ бицана цойги нилъерго БахIарзазул хIакъалъулъги.

Районалъул библиотекаялъул хIалтIухъабаз, Хьаргаби №1 гьоркьохъеб школалъул тарихалъул мугIалим А. МухIамадовнагун цадахъаб «Россиялъул чIухIи - гьелъул васал» абураб бихьинчиялъул дарс тIобитIана.

Лъималазул творчествоялъул рокъоб, абуни, П. ГIажидадаевалъул нухмалъиялда гъоркь хIадурун букIана фотовыставка «Хьаргаби районалдаса Россиялъул БахIарзал» абураб.

Нилъ чIухIарал руго нилъер ракьцоял БахIарзаздаса. ВатIаналъе хъулухъ гьабулелъуб сахлъи, хIатта гIумругицин кьурал васаздаса. Гьезул мисалалда лебалал, къвакIарал васал куцазе рес буго. Гьел кIочене течIого гIолилазе тарбия кьезе нилъеда тIадабги буго.

Кидагосеб рецц БахIарзазе!











СЕЛЬСКОЕ СОБРАНИЕ «СЕЛО КУДУТЛЬ»

## П Р О Е К Т №9

## ПРОЕКТ СЕЛЬСКОГО БЮДЖЕТА НА ПЕРВОЕ ЧТЕНИЕ НА 2025 г.

от 02 декабря 2024 года

1.Утвердить основные характеристики сельского бюджета на 2025 год, определенные исходя из прогнозируемого объема в размере 4063.4 тыс. рублей:

прогнозируемый общий объем доходов сельского бюджета в сумме 4063.4 тыс. рублей, в том числе безвозмездные поступления от бюджетов бюджетной системы Российской Федерации в сумме 3940.3 тыс. рублей согласно приложению 1 к настоящему Решению;

общий объем расходов сельского бюджета в сумме 4063.4 тыс. рулей;

утвердить в пределах общего объема расходов, распределение бюджетных ассигнований по разделам и подразделам, целевым статьям и видам расходов классификации расходов бюджета на 2025 год согласно приложению 1 к настоящему Решению.

**Проект распределения доходов бюджета на 2025 год по кодам экономической классификации**

| Код бюджетной классификации РФ | Наименование доходов | Сумма (тыс. руб/) |
|---|---|---|
| 000 1 00 00000 00 0000 000 | доходы | 123.1 |
| 182 1 01 02000 01 0000 110 | Налог на доходы физических лиц | 38.6 |
| 000 1 06 01030 10 0000 110 | Налог на имущество физических лиц | 44.9 |
| 000 1 06 06013 10 0000 110 | Земельный налог | 39.6 |
| 001 1 17 05050 10 0000 180 | Прочие не налоговые доходы | |
| 000 2 00 00000 00 0000 000 | БЕЗВОЗМЕЗДНЫЕ ПОСТУПЛЕНИЯ | 3940.3 |
| 001 2 02 01001 10 0000 151 | Дотации бюджета | 2937.7 |
| 001 2 02 03024 10 0000 151 | Субвенции бюджетам поселений передаваемых полномочий субъектов РФ | 855.6 |
| 001 2 02 03015 10 0000 151 | ВУС | 147.0 |
| | **ВСЕГО** | **4063.4** |

**Проект распределения бюджетных ассигнований на 2025 год**

| Наименование | Функциональная классификации Расходов бюджета РФ | | | | | Сумма (тыс.рубл.) |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | РЗ | Пр | Ц.ст. | Вр | ЭК | |
| Глава муниципального образования | 01 | 02 | 999002001С | 000 | | |
| | | | | 121 | 211 | 554.2 |
| | | | | 129 | 213 | 167,4 |
| Центральный аппарат | 01 | 04 | 999002003С | 121 | 211 | 964.2 |
| Начисление на выплаты по оплате труда | 01 | 04 | 999002003С | 129 | 213 | 293.1 |
| Услуги связи | 01 | 04 | 999002003С | 244 | 221 | 30.0 |
| Коммунальные услуги | 01 | 04 | 999002003С | 247 | 223 | 50.0 |
| Прочие работы и услуги | 01 | 04 | 999002003С | 244 | 226 | 80.0 |
| Увеличение стоимости материальных запасов | 01 | 04 | 999002003С | 244 | 340 | 190,0 |
| Увеличение МЗ | 01 | 04 | 999002003С | 244 | 343 | 100,0 |
| Налоги | 01 | 04 | 999002003С | 851 | 291 | 30.0 |
| ВУС | 02 | 03 | 9980051180 | 121 | 211 | 112.7 |
| Начисление на выплаты по оплате труда | 02 | 03 | 9980051180 | 129 | 213 | 34.3 |
| Коммунальное хозяйства | 05 | 03 | 9940023510 | 244 | | 200,0 |
| Уличное освещение | 05 | 03 | 994002601Л | 244 | | 100.0 |
| Содержание автодорог | 05 | 03 | 994002602Л | 244 | | 505.6 |
| Прочие мероприятия по благоустройству | 05 | 03 | 994002606Л | 244 | | 50.0 |
| СДК | 08 | 01 | 991002440Д | 111 | 211 | 448.4 |
| Начисление по оплате труда | 08 | 01 | 991002440Д | 119 | 213 | 153.5 |
| | | | | | | |
| ИТОГО: | | | | | | **4063.4** |

**Глава МО «село Кудутль» Магомедибиров А. К.**
**Председатель с/собрания Омаров М. А.**

# ПРОТОКОЛ

## публичных слушаний по обсуждению проекта решения собрания депутатов от 21.11.2024г. № 01-33/104 «О принятии проекта Решения Собрания депутатов « О внесении изменений и дополнений в Устав муниципального района «Гергебильский район», проведения по нему публичных слушаний и установлению порядка учета предложений граждан по проекту внесения изменений и дополнений в устав».

Председательствующий: Председатель Собрания депутатов муниципального района –руководитель рабочей группы Омаров М.Б.

Секретарь – Р. Увайсова.

Присутствовали - главы сельских муниципальных поселений, руководители муниципальных учреждений и организаций, депутаты представительных органов, представители общественности: Всего -35 человек.

Публичное слушание проведено в 10-00 часов в здании администрации МР «Гергебильский» по адресу: Гергебильский район, с. Гергебиль, ул. Наиба Идриса, д.7.

Форма проведения публичных слушаний: Собрание

Дата проведения: 10 декабря 2024 года.

Способ оповещения жителей муниципального района:

Опубликование решения собрания депутатов МР «Гергебильский район» от 21.11.2024г. № 01-33/104 «О принятии проекта Решения Собрания депутатов « **О внесении изменений и дополнений в Устав** муниципального района «Гергебильский район», проведения по нему публичных слушаний и установлению порядка учета предложений граждан по проекту внесения изменений и дополнений в устав в районной газете « Вперед» 25.11.2024г, а также путем размещения вышеуказанных документов на официальном сайте администрации МР «Гергебильский район»

Повестка слушаний:

**1. Обсуждение проекта решения собрания депутатов «О принятии проекта Решения Собрания депутатов « О внесении изменений и дополнений в Устав** муниципального района «Гергебильский район», проведения по нему публичных слушаний и установлению порядка учета предложений граждан по проекту внесения изменений и дополнений в устав.

Публичные слушания открыл Председатель Собрания депутатов МР «Гергебильский район» – руководитель рабочей группы Омаров М.Б. Он огласил тему публичных слушаний, инициаторов проведения и представил членов рабочей группы по учету предложений по проекту решения « о внесении изменений в Устав» и секретаря публичных слушаний Увайсову Р.К..

Он же довел до сведения присутствующих, что:

1. По данным регистрации на публичных слушаниях присутствуют 35 человек

2. Доложил о способах информирования общественности.

3. Доложил, что до встречи с общественностью замечаний и предложений по заявленной теме в рабочую группу по подготовке и проведению публичных слушаний не поступало.

4. Все участники публичных слушаний при регистрации получили в печатном виде проект решения собрания депутатов «О внесении изменений в Устав муниципального района «Гергебильский район»

Далее председательствующий проинформировал собравшихся о порядке проведения публичных слушаний, времени для выступления докладчику- 20 минут, времени ответов на вопросы участников - до 3 минут и предложил перейти к рассмотрению вопроса повестки слушаний.

Возражений не поступило.

Затем слово для выступления по проекту решения собрания депутатов «О внесении изменений в Устав муниципального района « Гергебильский район» представили Председательствующему – председателю райсобрания Омарову М.Б.

Слушали:

Омарова М.Б. - председателя Собрания депутатов МР « Гергебильский район» , который доложил присутствующим, что решением собрания депутатов муниципального района от 21.11.2024г. № 01-33/104 были назначены публичные слушания по обсуждению проекта решения собрания депутатов « О принятии проекта решения « О внесении изменений в Устав». Этим же решением утвержден Порядок учета предложений по проекту Устава муниципального района « Гергебильский район» и участия граждан в его обсуждении. Утвержден состав рабочей группы по проведению публичных слушаний по проекту решения собрания депутатов.

Решение собрания депутатов МР «Гергебильский район» от 21.11.2024г. №01-33/104 «О назначении публичных слушаний по проекту Устава муниципального района «Гергебильский район» опубликовано в районной газете «Вперед» 25.11.2024г.

Все вышеуказанные документы размещены на официальном сайте администрации МР « Гергебильский район»

Деятельность органов муниципального образования регулируется Федеральным законом от 06.10.2003 N 131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации».

Внесение изменений и дополнений в Устав вызваны, необходимостью приведения Устава муниципального района» Гергебильский район» в соответствие с Федеральным законом от 06.10.2003 №131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской федерации» (в редакции Федеральных законов **от 04.08.2023 № 420-ФЗ, от 04.08.2023 № 449-ФЗ, от 02.11.2023 № 517-ФЗ, от 25.12.2023 № 657-ФЗ, от 22.07.2024г № 213- ФЗ, от 13.07.2024г. № 181-ФЗ и руководствуясь ст. 41 Устава МР «Гергебильский район»,** в котором предлагается отразить в действующем Уставе ряд изменений и дополнений, отраженных выше отмеченных законодательных актах. Эти изменения рассмотрены и одобрены на сессии Собрания депутатов в первом чтении, обнародованы и готовятся к рассмотрению во втором чтении.

Выступили:

Магомедов Г.М. – депутат Собрания депутатов – председатель комиссии по местному самоуправлению Собрания депутатов МР « Гергебильский район», который проинформировал участников публичных слушаний о том, что проект решения « О внесении изменений в Устав муниципального района» предварительно было направлено в Главное управление Минюста по РД, прокуратуру района для дачи правовой оценки на предмет соответствия федеральному и региональному законодательству, на предмет наличия в нем коррупциогенных факторов. По результатам рассмотрения проекта решения о внесении изменений в Устав коррупциогенных факторов не выявлены.

Выступившие: депутаты районного Собрания Ахмедов М.М., Идрисов М.А., Магомедов Г.М., глава МО « село Маали» Ахмедов М.М.., Председатель Общественной Палаты района Магомедов М.М, юрист администрации МР « Гергебильский район» Джамалудинова У.Ш., поддержали проект решения Собрания депутатов МР « Гергебильский район» « О внесении изменений и дополнений в Устав муниципального района « Гергебильский район», с учетом рекомендаций главного Управления Минюста по РД, отметили своевременность и важность отражения в Уставе происходящих изменений, с целью его приведения его к требованиям Федерального и республиканского законодательства.

Председательствующий Омаров М.Б. поинтересовался у присутствующих о том, какие будут предложения и замечания.

Предложения: От Магомедова Г.А. – депутата Собрания депутатов поступило предложение: Одобрить проект решения собрания депутатов муниципального района «О внесении изменений и дополнений в Устав муниципального района «Гергебильский район»

Других предложений не поступило. Затем председательствующий предоставил слово секретарю публичных слушаний Увайсовой Р.К. для оглашения протокола публичных слушаний. После оглашения протокола публичных слушаний, председательствующий спросил у присутствующих: Есть ли дополнения и изменения к протоколу? Добавлений и изменений не поступило. По итогам обсуждения проекта участники публичных слушаний единогласно поддержали проект Решения Собрания депутатов МР «Гергебильский район» **«О внесении изменений и дополнений в Устав** муниципального района «Гергебильский район» с учетом рекомендаций Главного Управления Минюста по РД.

РЕШИЛИ:

1. Одобрить проект решения собрания депутатов МР «Гергебильский район» «**О внесении изменений и дополнений в Устав** муниципального района «Гергебильский район» с учетом рекомендаций Главного Управления Минюста по РД.

2.Рекомендовать Собранию депутатов муниципального района « Гергебильский район», рассмотреть и принять на очередном сессии Собрания депутатов в окончательном варианте проект решения «**О внесении изменений и дополнений в Устав** муниципального района «Гергебильский район»

3. Результаты публичных слушаний обнародовать в районной газете «Вперед» и разместить на официальном сайте администрации МР «Гергебильский район».

**Председательствующий:**
**Председатель**
**Собрания депутатов**
**МР « Гергебильский район»**
**М.Б. ОМАРОВ**

**Секретарь Р.А. УВАЙСОВА**

# Дополнительная выплата контрактникам

**В Дагестане контрактникам резервных полков СВО назначат дополнительную выплату в 200 тысяч рублей**

Выплата будет производиться сразу после зачисления в полк резерва (учебный центр). Резервный полк (учебный центр) готовит военнослужащих к участию в спецоперации, уделяя внимание огневой, тактической, инженерной подготовке и медицине.

Кроме того, контрактники получают единовременную выплату в 1 млн рублей, зарплату от 210 тыс. рублей в месяц, государственные гарантии и льготы, включая служебное жилье, лечение, налоговые каникулы и право на пенсию.

**КОНТАКТЫ:**

**8 (989) 484-69-95**
Пункт отбора по Дагестану

**8 (8722) 68-16-08**
Военкомат Дагестана

**117** федеральный номер

контракт05.рф










**ТЕКУЩИЕ ВЫПЛАТЫ ДЛЯ ВОЕННОСЛУЖАЩИХ**

Дагестанцы, заключившие контракт, получают от 1 млн рублей единовременно:

- **500 000 ₽** от республики
- **400 000 ₽** из федерального бюджета (заключившим контракт в период с 1 августа до 31 декабря 2024 года)
- **до 300 000 ₽** из муниципального бюджета
- **от 210 000 ₽/мес** зарплата контрактника

**ДОПОЛНИТЕЛЬНЫЕ ЛЬГОТЫ И ГОСГАРАНТИИ:**

- возможность **быстрого приобретения жилья** за счет Минобороны России через накопительно-ипотечную систему,
- служебное жилье или компенсация **за найм жилья**,
- **бесплатное** обследование, лечение и реабилитация в военно-медицинских учреждениях,
- **страхование жизни и здоровья** за счет федерального бюджета,
- право **на льготную пенсию** после 20 лет службы,
- статус **ветерана боевых действий** и соответствующие льготы,
- кредитные и налоговые **каникулы**,
- бюджетные места **для обучения** детей в вузах,
- за будущими контрактниками бронируются рабочие места,
- бесплатный отдых детей в летних оздоровительных лагерях

# ЦIуне, Аллагь, дир лъимал

Къокъалгун къваридал гIумрудул нухал
Халатги гIатIидги гьаризе кIолев,
Бокьараб унтуе дару батулев
БетIергьан, Дуде хьул, цIуне дир лъимал.

Гьездаса къварилъи бихьизе тоге,
Балъгоял балагьал рикIкIалъизаре.
Пакъирлъи, хIакъирлъи рихьизе тоге,
ХIалалаб рикъзи кьун, рохизе гьаре.

Гьезул ракIазулъа щайтIан бачахъе,
Биччанте ракIазулъ тIинкIизе иман.
Данде чIвазе тоге иман гьечIев чи,
Чияр мацIалдаса цIуне гьел, ХIафиз!

Мун тун батIиясе бетIер къулизе,
Дуй гIоло гурого, накаби чIвазе,
Дуе гуронани, сужда гьабизе,
Риччаге, Аль-Жабар, Дур хIалкIолелъул.

ЛъикIаби квешабги батIа бахъизе
Дуца малъе, Къуддус, бажарулелъул.
Щвалде щун, гIибадат Дуе гьабизе
Сахлъи кье, Аль-ФатахI, дир варисазе.

Щибаб какда хадуб, квералги рорхун,
Дуде балеб гьари нахъчIваге, Аллагь!
Дир магIил гараца чурараб дугIа
Дуца къабул гьабе, я РахIимуллагь!

**ХIажи САЙПУЕВ,**
**Болъихъ район, РикIвани росу**

# Дие бокьулаан Хьаргаби росу

Дун вижараб гуро, дун гIураб гуро,
Дие бокьулаан Хьаргаби росу,
ГIаданлъи цIунулел, рагIи берцинал,
Дие рокьулаан дозул гIадамал.

Унел-рачIунезул саламги босун,
ЦIакъго бокьулаан кьодухъе щвезе.
КIиго гIор жубалеб кIкIалал рагIалда
Гучаб лъел гьаракьалъ кьолаан дий кеп.

Заводалде унел нахъе рачIунел,
КIвахI гьечIел гIолилал рукIана дора.
Кьер-кьераб пихъ балел гъутIби къачIалел,
Дол ахихъабазда урхъулаан дун.

МагIарул намусги росдал гIадатги,
Рекъон хьвадулаан Хьаргаби росулъ,
Цоцазул адабги аваданлъиги
Кидаго букIана дозул ракIалда.

МагIарул гьаваги гьуинаб махIги,
Дида кIочонаро кIудиял ахал,
Чамасдакил гIадаб тIагIамги бугеб,
ТIокIалъго хирияб хонобах курак.

Гучал рагъул цIаяз лъабцIул бухIараб
БахIарзал рахъараб Хьаргаби росу.
Хьиндаллъиялдаго бищун бечедаб,
Бихьарав урхъулеб АбухIнаб байдан.

Идрис Наибасул хирияб ватIан,
Халкъалда цIар араб магIарул гьалбацI.
ГIурусазул гьужум къине гьабурал
КъвакIарал васазул бокьулеб росу.

ТалихIалда таги кепалда таги
Кинабго рекъараб магIарул росу,
Нужер хадусеб гIел дица гьарула
Умумул гIадинал гIакъилал гIеги.

**Шарабудин МУХLАМАДОВ.**
**ЧIугIли росу Лаваша район.**




# Ихдалил милъиршо, щибдай дуй ккараб?

Рорхатал щобазде гьаракь щущараб
Доб зобалъул тIавус тIагIунищ бугеб?
ТIолго магIаруллъи жиндихъ гIашикъаб,
Ихдалил милъиршо щибдай дуй ккараб?

ГIурччинал гъутIбузда тIавап гьабулеб
Хьиндалазул хIанчIил хIухьго къотIана.
ХIасратал бакъназул пасихIал кучIдул
Гьанже рагIуларин, гьалъий гIилла щиб?

Херлъун ятиялда ниж божуларо,
Ахал бечедалъуй яхчун ятила.
Гьаракь къун бугилан багьналги ратун,
Бакъул кеп босулей росулъ ятила.

Дур кочIол бакънахухъ цо гIинтIамизе
ГIашикъ рукIарал ниж кIочон щай тарал?
Щибаб свериялъулъ букIараб магIна
Гьанжесеб гIелалда киса бичIчIулеб.

Америкалъулищ, я негразулищ.
Цо гьагал бакъназул гьаркьал рукIуна.
Дуниял херлъунищ, халкъ капурлъуниц,
Кире арал нилъер магIарул бакънал?

Доб нилъерго кьурди кьолболъан хисун,
Кьуркьулел чагIи рукIуна берталъ
ГIаврат бахчуларел ретIлалги ретIун,
Цере кIичIардула гIурччинал ччутал.

Цо гIакъилаб рагIиялъ гIадлуялде рачуна
Цо тIамураб кициялъ канал берал рагьула
Инхоса ГIали-хIажияв

## Авар кицаби ва абиял

Эбел-инсул дуца гьабулеб адаб – дурго лъималаздасан дуего щвезесеб давла.
Эбел-инсул ракI лъималазда, лъималазул ракI - гьаваялда.
Эбел-инсул талихIги талихI къосинги лъималазулъила букIунеб.
Эбел йихьун, яс йосе, мицIир бихьун, ххам босе.
Эбел ракI-ракIалъ гIодулей, хутIарал ххвалие гIодулел.
Эбел-лъимал тIезарулебги - мацI, рослъади ратIа гьарулебги мацI.
Эбел-лъималазда гьоркьоб ккараб рагIи - гIурччинаб харде ккараб гIазу.
Эбел-эмен хер гьарулелги - лъимал, бахIар гьарулелги - лъимал.
Эбел-ясалда гьоркьобги меседил баргъич биларабила.
Эбелаб балагь бачIунгеги, ракъул къали кIутIугеги.
Эбелаб росуги инсулаб нухги кIочонгейила.
Эбелалда ургьисанго гурев гьекъолдухъан вахъунев, жакъа парччи гьекъон, метер хъаба гьекъонила.
Эбелалъ еццарай ячунгейила, авал-къоноялъ еццарай ячейила.
Эбелалъ малъун гуро милъиршоялъ бусен гьабулеб, инсуца малъун гуро устарасул вас устар лъугьунев.
Эбелалъул квешай ясги якьадалъул лъикIай нусти йикIунарей.
Эбелалъул ракI – васасул каранда, васасул ракI - ЦIоралъул мугIрузда.
Эбелалъул ракI лъималазда лъалебани, гьей егараб бакIалда тIад квер бахъун гурони, кьижилароанила.
Эбелалъухъ гIенеккуларел ВатIаналъеги мутIигIлъуларел.
Эбелги ясги - расаги гIункIкIги, нусги якьадги – ракьаги нусги.
Эбеллъун яхъине - бигьаяб жо, эбеллъи гьабизе – захIматаб жо.
Эбел – эмен лъималазе алжаналъул кавабийила.
Эмен гьечIесдаса эбел гьечIев цIикIкIун бесдалавила.
Эмен къваригIунареб къо бачIунареб.
Эменлъи гьабурасеваслъи гьабе, вацлъи гьабурасе вацлъи гьабе.
Эхебе араб гIор нахъ буссунареб.
Эхеде валагьарав гIодов хутIаравила, гIодове валагьарав вахъун ккаравила.
Эхеде рехараб тIагъур гIодобе бачIинегIанги чиясул бахIарчилъи лъугьунеб.
Эхеде унелъул, нахъвуссине ккеялъулги хIисаб гьабе.
Эхедераялъ - чотIацIакъ, чияр рокъов - сахават.
Юргъаялъ - чу, ишалъ - чи.
Я гьанив гурев, я дова гурев.
Я зурзур те, я квен те.
Я къали чIвай, я зурма пуй.
Якьадалъ лъухьизе нусалъ тун, нусалъ лъухьизе якьадалъ тун.
Я хIама хвела, я хан хвела.
Я нилъерго хIал, я хIалае чи.
Я ракьа гуреб, я гьан гуреб.

**Учредитель: администрация муниципального района "Гергебильский район"**
ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1951 СОНАЛЪ
**БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана хадур рехсарал цIаразда гъоркь: «Коммунизмаялъул нух», «Ахихъан»**

**Главный редактор - Ахмедов Б.М.**
**Телефон - 23-2-26**
**Адрес редакции и издателя:**
**Гергебильский район, с. Гергебиль.**
**ул. Наиба Идриса, 43**

**Газета зарегистрирована управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи и массовых коммуникаций по РД. Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 05-00281 от 19 февраля 2014 г.**
Отпечатано в ООО «Дом печати» по адресу: г. Махачкала, ул. Акушинского 20А.
По вопросам качества печати обращаться в типографию.
*Заказ №________. Тираж 1000 экз.*

**Газеталъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб.**
**Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул, цIаразул ва цогидалги баяназул жаваб кьола автораз.**
**Гьединал макъалаби газеталда рахъула гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.**
***«Кинавго чи разилъиледухъ асар хъван лъихьаниги бажаруларо».* Ж. Сервантес**

**Индекс 51350.**
**Цена свободная.**

Подписано в печать
12 декабря 2024 г.
Время подписания в печать
по графику – 21:00
фактически – 20:00